

Rapò Gwoup Travay Kolektif Prezidansyèl ak Sena Inivèsite a sou Antisemitis ak Islamofobi

22 Novanm 2024

Chè kominote kanpis la,

Lane ki sot pase a, yo te mete sou pye yon [Gwoup Travay Kolektif Prezidansyèl
ak Sena Inivèsite a sou Antisemitis ak Islamofobi](#) pou bay direktiv,
rekòmandasyon ak konsèy sou yon estrateji antisemitis ak islamofobi sou kanpis
la. Apre kèk semèn, nou [te anonse](#) manm gwoup Travay la, ki gen ladan l, etidyan,
pwofesè ak pèsonèl UMD. Se kòlèg yo nan kanpis la ki te nome manm gwoup
travay la epi yo te selekyone yo an patenarya ak Sena Inivèsite a. Nou rekonesans
konsènan angajman chak moun pran anvè travay esansyèl sa a.

Gwoup travay la te gen misyon pou egzamine politik aktyèl inivèsite a ak
etablisman aktyèl inivèsite a, yon fason pou idantifye domèn ki pou amelyore nan
lit kont ensidan rayisman ak prejije ki gen pou wè ak antisemitis epi Islamofobi. Li
te gen misyon tou pou l konprann dinamik mòd ensidan sa yo, evalye efikasite
mezi pou fè prevansyon ki deja egziste yo epi pwopoze yon seri estrateji ki aplikab.
Yo te bay gwoup travay la misyon pou l konsilte manm kominote inivèsite a, lidè
etidyan ak lidè relijye ki sou kanpis la.

Koprezidan nou yo Maxine Grossman, pwofesè asosye ak direktрис pwogram nan
epi Sant Joseph ak Rebecca Meyerhoff pou Etid Jwif, epi Shibley Telhami, pwofesè

Anwar Sadat pou Lapè ak Devlopman, ap dirije yon gwoup moun ki gen yon seri pwennvi ak orizon varye epi yo remèt yon rapò bay inivèsite a.

Byenveyans ak konpasyon se yon seri tèm prensipal nan rapò final la, rapò prezidan Sena inivèsite a, Jordan Sly, epi mwen menm ap prezante nou jodi a. Li enpòtan pou soulinye entansyon gwoup travay la pou pwopoze yon seri etap ki aplikab pou amelyore kominote inivèsitè nou an nan yon nivo moun ka mezire. Konsantrasyon sa a pèmèt nou abouti kounye a ak yon seri konklizyon epi rekòmandasyon k ap pèmèt nou ankouraje sekirite, diskou epi yon santiman dapatenans sou kanpis la pi plis toujou.

N ap pataje pawòl pisan koprezidan nou yo nan gwoup travay la pou onore travay ak efò chak manm.

Grossman te deklare, "se avèk fyète nou te koprezide gwoup chèchè, pratisyen, etidyan, ak manm angaje nan kominote inivèsitè sa a." "Nou chak vini ak yon idantite pèsone l konplike, ak yon seri pwennvi ki souvan kontradiktwa nan diskisyon nou yo, tou pandan n ap chache kontèks epi konpreyansyon ak yon santiman mounite ki pataje epi ki pwofon."


Telhami te deklare, "Pwofesyonalis ak angajman pou byennèt kolektif kominote nou an manifeste atravè manm gwoup travay nou an, sa ki te vrèman gen yon gwo enpòtans, paske chak moun t ap travay nan yon lepri konstitif malgre diferans nou yo." "N ap fè travay nou an nan yon peryòd doulè ak soufrans pou anpil moun, tou pandan gen dokiman ki fèt sou ogmantasyon antisemitis ak islamofobi ki nan peyi nou an ak lòt kote. Nou te konnen nou te gen anpil travay pou n fè pou n mete

inivèsite nou an, an premye, epi pou n kreye yon anviwònman ki pou pwoteje sekirite tout manm nan kominote a san fòs kote, pandan n ap pwoteje libète lapawòl an menm tan epi pandan n ap apiye sou misyon edikatif nou genyen an pou n ankouraje konpreyansyon youn lòt"

Nou espere ou pral pran tan pou w li [konklizyon ak rekòmandasyon yo](#), paske transparans ak responsablite se bagay ki esansyèl pou n rive kreye kominote nou vle ye a. Se yon seri rekòmandasyon ki byen elabore epi ki aplikab. Biwo prezidan an te deziye yon seri inite ak depatman pou egzamine chak rekòmandasyon epi anvizaje yon plan pou aplike yo.

Mèsi chak grenn nan nou paske nou [rapòte](#) nenpòt aksyon antisemitis ak Islamofobi lè nou wè l oswa lè nou tande moun ap pale sou sa. Nou remèsye w tou paske w pataje angajman kolektif ou pou pèmèt yon kanpis tankou

TerrapinSTRONG grandi. Lizay,

A handwritten signature in black ink that reads "Darryll J. Pines". The signature is fluid and cursive, with the first name "Darryll" being larger and more prominent than the last name "Pines".

Darryll J. Pines

Prezidan, Inivèsite Maryland

Li (Pwonon Maskilen)

Jòdanyen

University of Maryland